


# Rekiperasyon Apre Akouchman: Kilè Mwen Ka Retounen Al Travay?

**Sa depan!** Nou menm antanke founisè swen prenatal ou, nou ka siyen dokiman pou Konje Medikal Familyal ak/oswa pou asirans andikap ke Eta Massachusetts egzije pou yo peye. Tanpri verifye avèk patwon w lan sou nenpòt lòt avantaj yo ka ofri nan kad konpansasyon ki rezève pou ou.

## **PFML (Konje Medikal Familyal Yo Peye nan Massachusetts)**

- **Prèske tout anplwaye MA (Massachusetts) yo elijib**
- Peye yon pousantaj nan salè ou a jiska yon montan maksimòm leta detèmine
- Limite ak yon **total 26 semèn konje nan ane a** k ap kòmanse nan premye jou konje a
- Paran ki elijib ki pral gen yon timoun yo ka aplike nan de kalite PFML (Konje Medikal Familyal Yo Peye nan Massachusetts):
  - *Konje pou Obligasyon Familyal:* Kouvri jiska 12 semèn konje parantal pou chak paran nan 12 premye mwa nan lavi tibebe a; eta Massachusetts akòde l lè w soumèt yon lèt atestasyon nesans ke yo bay apre akouchman. **Li pa nesèsè pou w bay okenn fòmilè ki sòti nan men yon founisè medikal.**
  - *Konje Medikal:* Li kouvri jiska 20 semèn konje pou w refè apre **nenpòt kondisyon sante ki grav**, tankou gwosès ak akouchman. Refè apre gwosès, akouchman gen plizyè dimansyon epi li pa menm pou tout pasyan, se sa k fè w dwe gen yon diskisyon avèk founisè medikal ou a ki ap siyen fòmilè ou a.
- Leta finanse l avèk lajan kontribyab yo
- Jwenn plis enfòmasyon detaye sou: <https://www.mass.gov/info-details/paid-family-and-medical-leave-pfml-overview-and-benefits>



## **Asirans pou Andikap Akoutèm**

- **Patwon ak/oswa anplwaye yo ka achte asirans pou yon moun**
- Peye yon pousantaj nan salè ou a pandan peryòd andikap ou a akòz gwosès oswa akouchman
- Li separe de PFML (Konje Medikal Familyal Yo Peye nan Massachusetts) epi li mande pou patwon oswa asirè ou a bay dokiman ki separe
- Ou ka pran l menm lè ak PFML la

## **RESPONSABLITE PASYAN YO:**

- ✓ Rele MA (Massachusetts) Department of FML (Konje Medikal Familyal) nan 833-344-7365 pou w konfime ou elijib pou w aplike
- ✓ Fè founisè ou a siyen aplikasyon konje medikal ou a pou dat akouchman ou an ka konfime
- ✓ Fè founisè ou a siyen dokiman asirans andikap ou a pou peryòd andikap ou antisipe a (si sa aplikab) ka konfime